

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 2), métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalawan udagan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dibeunangkeun kudu nyoko dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan anu sabenerna.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kuantitatif. Nurutkeun Creswell (dina Kusumastuti, spk., 2020, kc. 2) panalungtikan kuantitatif nyaéta métode-métode pikeun nguji tiori-tiori ku cara nalungtik hubungan antarvariabel. Ilaharna éta variable-variabel diukur ku instrumén panalungtikan nepi ka data anu ngawengku angka-angka bisa dianalisis ku prosedur-prosedur statistika.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimén. Kuasi ékspérimén nyaéta métode panalungtikan anu dilakukeun pikeun néangan pangaruh tina *treatment* ka nu lian dina kondisi anu bisa dikendali (Sugiyono, 2013, kc. 72).

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Desain anu baris dipaké dina ieu panalungtikan nya éta desain anu dipaluruh ku Arikunto (2013, kc. 124) nya éta *one group pre-test—post-test design*. Panalungtikan dimimitian ku soal *pre-test* sangkan nyaho sakumaha kamampuh siswa maham kana nulis sisindiran. Sanggeus kitu, siswa dibéré arahan ku cara ngagunakeun média *Monosin* dina nulis sisindiran pikeun ngaronjatkeun kamampuhna. Pamungkas, dibéré deui soal *post-test* sangkan mikanyaho ngaronjat henteuna siswa dina nulis sisindiran. Desain panalungtikan bisa dititénan di handap.

**Tabél 3.1 Desain Panalungtikan**

O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

Keterangan:

O<sub>1</sub> = *pre-test* (tés awal saméméh ékspérimén)

X = *treatment* (stimulus ngagunakeun média *Monosin*)

$O_2 = post-test$  (tés ahir sanggeus ékspérimén)

## 3.2 Data jeung Sumber Data

### 3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil kamampuh nulis sisindiran dina unggal tés. Data kahiji nya éta hasil nilai *pre-test*, hartina kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *Monosin*. Data kadua nya éta hasil niléy *post-test*, hartina kamampuh siswa nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.

### 3.2.2 Sumber Data


Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi Taun Ajaran 2022/2023. Sumber data baris dijéntrékeun dina tabél di handap.

**Tabél 3.2 Sumber Data**

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VIII A	14	18	32

## 3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ayana prosedur panalungtikan sangkan ieu panalungtikan téh sistematis. Prosedur ieu panalungtikan baris dijéntrékeun di handap.



**Bagan 3. 1 Prosedur Panalungtikan**

Anapon tahapan-tahapan di luhur baris dijéntrékeun di handap ieu.

- 1) Idéntifikasi masalah, tahapan munggaran dina panalungtikan bisa nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan masalah, jeung metode panalungtikan saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtik ngaidéntifikasi masalah ngeunaan matéri sisindiran.
- 2) Ngararancang alur, tahapan kadua panalungtik ngararancang heula alur ku cara ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.
- 3) Ngarumuskeun instrumén, tahap katilu panalungtik nyieun instrumén mangrupa soal nu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*.
- 4) *Pre-test*, tahap kaopat panalungtik hayang mikahanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *Monosin*.
- 5) Ngagunakeun média *Monosin*, tahap kalima panalungtik méré stimulus ka siswa ngagunakeun média *Monosin*.
- 6) *Post-test*, tahap kagenep panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.
- 7) Analisis data, tahap katujuh panalungtik ngolah data sabada ngalaksanakeun tés *pre-test* jeung *post-test*.

- 8) Kacindekan, tahap pamungkas panalungtik nyieun kacindekan tina tahapan-tahapan saacanna tuluy disusun kana wangun skripsi.

### **3.4 Instrumen Panalungtikan**

Intrumén dina ieu panalungtikan ngagunakeun tés tinulis. Ieu tés tinulis sangkan bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Instrumén anu dipaké nyaéta soal anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*. Ieu instrumén mangrupa soal esai ngeunaan matéri sisindiran ngawengku kana jenis-jenis sisindiran jeung conto-conto sisindiran. Instrumén dina ieu panalungtikan baris djéntrékeun di handap.

**Tabél 3.2 Instrumén Panalungtikan**

<b>Soal Nulis Sisindiran</b>	
Wasta :	
No. Absen :	
Kelas :	
Lengkepan sisindiran di handap!	
<b>1. Rarakitan</b>	
_____,	Hayangna jadi Nirwana,
_____.	_____.
Lamun hayang jadi dokter, kudu getol diajarna.	Hayangna mah ka anjeunna, _____.
<b>2. Paparikan</b>	
_____,	Najan peuteuy dina nyiru,
Ninggang kana pileuiteun.	_____.
_____,	_____.
lamun anggang sok leungiteun.	nya ganteng katambah pinter.
<b>3. Wawangsalan</b>	
a. Teu beunang dihurang sawah, teu beunang dipikameumeut.	b. _____, _____.
Wangsalna: _____	Wangsalna: méja

### 3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa téhnik tés tulis. Téhnik tés tulis dilaksanakeun dua kali. Kahiji, *pre-test* nyaéta mikanyaho kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *Monosin*. Sedengkeun *post-test* nyaéta hasil ahir kamampuh siswa nulis sisindiran sanggeus dibéré *treatment* ku cara ngagunakeun média *Monosin*.

### 3.6 Analisis Data

#### 3.6.1 Instrumén Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nganalisis data tina hasil panalungtikan. Dina nganalisis data, panalungtik bisa maluruh hasil tina kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.

Di dieu aya sababaraha tahapan anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*, diantarana:

- 1) nandaan unsur-unsur anu aya dina aspék kabasaan jeung struktur téks sisindiran anu geus dikumpulkeun;
- 2) mariksa jeung meunteun hasil tina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin* dumasar kana kritéria di handap.

**Tabél 3.3 Kritéria Penilaian**

Aspék kamampuh nulis	Peunteun	Kritéria
Eusi	27-30	Hadé pisan (Sampurna, maham pisan kana eusi luyu jeung pasualan anu dipedar)
	22-26	Cukup-Hadé (Maham kana eusi luyu jeung pasualan nu dipedar, tapi kurang lengkep)
	17-21	Sedeng-Cukup (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap konci atawa substansi pasualan nu dipedarna heureut)
	13-16	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	18-20	Hadé Pisan (Eksprési lancar, gagasan anu diébréhkeun jéntré, mundel, rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	14-17	Cukup-Hadé (Éksprési kurang, kurang kaorganisir, tapi gagasan utama jéntré, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep)

	10-13	Sedeng-Cukup (Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis)
	7-9	Kurang Hadé (Henteu komunikatif, teu terorganisir, teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	18-20	Hadé Pisan (Jembar, kecap anu dipaké éféktif, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan)
	14-17	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap anu dipaké éféktif, milih jeung ngébréhkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi heunteu ngaganggu)
	10-13	Sedeng-Cukup (Sedeng, kurang éféktif, milih kecapna kawatesanan jeung ngagunakeun kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	7-9	Kurang Hadé (Teu éféktif, milih kosa kecap asal-asalan, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén)
Diksi	22-25	Hadé Pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	18-21	Cukup-Hadé (Maké jeung nyusun kalimahna sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na)
	11-17	Sedeng-Cukup (Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana teu luyu)
	7-9	Kurang Hade (Teu ngawasa dina maké jeung nyusun kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajen)

Éjaan	5	Hadé Pisan (Ngawasa kana aturan tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	4	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan tulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	3	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan tulisan, sering kajadian salah éjahan jeung ma'nana)
	2	Kurang Hadé (Henteu ngawasa kana aturan tulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

Hartfield (dina Kuswari, 2010, kc. 183).

- 3) méré peunteun kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*; kalawan rumus:

$$P = \text{aspék } A+B+C+D+E$$

Keterangan:

P = Peunteun

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kosa kecap

D = Diksi

E = Éjaan

- 4) pamungkas, ngasupkeun niléy kana tabél di handap. Peunteun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.

**Tabél 3.4 Format Peunteun Nulis Sisindiran**

No Absen	Aspék kamampuh nulis					P	Kritéria
	A	B	C	D	E		
Σ							
X							



Keterangan:

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kosa kecap

D = Diksi

E = Éjaan

P = Peunteun

$\Sigma$  = Jumlah peunteun

$x$  = rata-rata

### 3.6.2 Uji Sipat Data

Dina nguji sipat data kudu dilaksanakeun uji normalitas jeung uji hipotésis. Uji normalitas nyaéta nguji normal henteuna kana data anu geus kakumpul, sedengkeun uji hipotésis nyaéta nguji dugaan kana kaputusan nu bakal dicokot dina ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun *IBM SPSS Statistics 25* anu mangrupa hiji program *software* pikeun mantuan proses ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik.

#### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga udagan pikeun mikanyaho naha data panalungtikan miboga distribusi normal atawa henteu, sabab dina statistik Parametik distribusi data anu normal nyaéta hiji perkara anu kudu jeung sarat mutlak anu kudu dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji normalitas *Shapiro-Wilk*. Nurutkeun (Hidayat, 2020) uji *Shapiro-Wilk* nyaéta metode uji normalitas anu sangkil jeung valid digunakeun pikeun sampel anu leutik. Ieu pamadegan téh saluyu jeung pamadegan Shapiro jeung Wilk (dina Oktaviani & Notobroto, 2014, 128) uji *Shapiro-Wilk* ilaharna digunakeun pikeun sampel anu kurang ti 50 urang sangkan ngahasilkeun kaputusan anu akurat.

Pikeun nangtukeun normal atawa henteuna uji normalitas bisa ditingali dumasar kana kritéria ieu di handap.

$H_1$  = data miboga distribusi henteu normal

$H_0$  = data miboga distribusi normal

$H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak, upama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $\geq 0,05$

$H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak, upama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $\leq 0,05$

### 3.6.2.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis digunakeun pikeun mikanyaho aya bédana rata-rata dua sampel. Udaganana pikeun mikanyaho naha aya pangaruhna antara *pre-test* jeung *post-test*. Dina uji hipotésis bisa dilakukeun maké dua cara. Kahiji, upama dina uji normalitas nuduhkeun datana teu distribusi normal, ngagunakeun uji Wilcoxon. Kadua, upama dina uji normalitas nuduhkeun datana distribusi normal, ngagunakeun uji *paired sample t test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna uji hipotésis bisa ditingali dumasar kana kritéria ieu di handap.

Hipotésis Alternatif ( $H_a$ ) : aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.

Hipotésis Nol ( $H_0$ ) : teu aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*.